



Pou Piblikasyon Imedya: 28/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DEKRÈ EGZEKITIF KI OTORIZE BIZNIS YO POU YO REFIZE ANTRE MOUN KI PA METE MASK OSWA KI PA KOUVRI VIZAJ YO

Li fè patenarya avèk Rosie Perèz ak Chris Rock pou favorize kominikasyon ak edikasyon sou enpòtans mete yon mas, fè tès ak distans sosyal

Li anonse Eta a pral distribye 1 milyon mask nan katye yo ki frape pi di nan Vil New York la Jodi a

Anonse MTA pral pilòte itilizasyon teknoloji limyè UV pou touye COVID-19 nan machin tren yo ak nan enstalasyon ekipaj yo

Li konfime 1,768 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 366,733; gen nouvo ka nan 42 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon Dekrè Egzekitif ki otorize biznis yo pou yo refize antre moun ki pa mete mask oswa ki pa kouvri figi yo. Dekrè Egzekitif la ap ajoute sou efò New York kontinye ap fè pou pwoteje Nouyòkè yo ak ralanti pwopagasyon.

Gouvènè Cuomo te anonse tou yon patenarya ak Rosie Perez ak Chris Rock, ki pral ede Eta New York bati kominikasyon ak edikasyon sou enpòtans ki genyen nan mete yon mask ak distans sosyal ak disponiblite tès ak swen sante nan eta a.

Gouvènè a te anonse Eta a pral distribye 1 milyon mask nan katye yo ki frape pi di nan Vil New York la Jodi a Eta a deja distribiye plis pase 8 milyon mask atravè Vil New York, enkli devlopman NYCHA yo, bank alimantè yo, legliz yo ak nan refij pou sanzabri yo. Eta New York kenbe yon rezo tès konplè nan tout eta a, enkli plis pase 225 sit nan Vil New York. Tès apwofondi New York la — eta a kounye a ap fè dè dizèn milye tès chak jou — ki pèmèt gouvènman an identifye katye ki pi frape nan eta a pou bay plis founiti ak lòt èd kounye a.

Gouvènè a te anonse tou ke MTA pral pilote itilizasyon teknoloji limyè UV epwouve pou touye COVID-19 nan machin tren ak nan enstalasyon ekipaj yo. Aktyèlman la, MTA a netwaye epi dezenfekte tren yo chak jou.

"Mwen deja ap travay pou kominike mesaj sa a sou mask yo ak kijan yo efikas. Yo efikas yon fason twonpez, yo efikas yon fason etonan. E nou te fè yo obligatwa nan anvivònman piblik yo, nan transpò piblik, elatriye", **Gouvènè Cuomo te**

deklare. "Men, lè nou ap pale de re-ouvri magazen ak kote ki gen biznis yo, nou ap bay mèt magazen yo dwa pou yo di, si ou pa mete yon mask, ou p'ap ka antre anndan. Pwopriyetè magazen sa a gen dwa a pou pwoteje tèt yo. Pwopriyetè magazen sa a gen dwa pwoteje lòt kliyan yo nan magazen sa a. Ou pa vle mete yon mask, se byen. Men, sè sa a, ou pa gen dwa rantre nan magazen sa a si pwopriyetè magazen sa a pa vle ou rantre."

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,768 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 366,733 ka konfime nan Eta New York. Nan total 366,733 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,814	18
Allegany	45	0
Broome	545	17
Cattaraugus	85	3
Cayuga	84	4
Chautauqua	81	3
Chemung	136	0
Chenango	126	1
Clinton	95	0
Columbia	380	0
Cortland	39	0
Delaware	78	0
Dutchess	3,867	20
Erie	5,886	76
Essex	36	0
Franklin	20	0
Fulton	200	2
Genesee	197	2
Greene	236	5
Hamilton	5	0
Herkimer	106	1
Jefferson	72	0
Lewis	20	0
Livingston	118	0
Madison	310	0
Monroe	2,824	33
Montgomery	82	0
Nassau	40,140	106
Niagara	984	12
NYC	201,051	1,083
Oneida	959	30
Onondaga	2054	21

Ontario	201	3
Orange	10,325	33
Orleans	212	2
Oswego	107	2
Otsego	70	1
Putnam	1,236	9
Rensselaer	469	3
Rockland	13,076	29
Saratoga	468	3
Schenectady	676	3
Schoharie	49	0
Schuyler	11	0
Seneca	56	1
St. Lawrence	201	1
Steuben	241	0
Suffolk	39,359	101
Sullivan	1,351	11
Tioga	126	2
Tompkins	156	1
Ulster	1,658	13
Warren	253	1
Washington	231	3
Wayne	112	2
Westchester	33,293	107
Wyoming	82	0
Yates	39	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)